


Bilten Enfòmasyon 1 - Oktòb 2019

Enfòmasyon sou Etid la

Depatman Transpò Florida (Florida Department of Transportation, FDOT), Enterprise Turnpike Florid la (Florida's Turnpike Enterprise, FTE), fenk kòmanse yon Pwojè Devlopman ak yon Etid Anviwònman (Project Development and Environment, PD&E) pou elaji Florida's Turnpike (SR 91) soti nan Sid I-595 jiska Wiles Road nan Konte Broward. Etid la pral evalye modifikasyon echanjè nan I-595 ki deja la sou, Sunrise Boulevard, Commercial Boulevard, Atlantic Boulevard, Coconut Creek Parkway, ak Sample Road. An plis, etid la pral evalye bezwen pou nouvo echanjè nan Oakland Park Boulevard, Cypress Creek Road, ak yon lòt kote nou gen pou detèmine pita. Nou bezwen fè amelyorasyon sa yo pou akomode trafik ki gen kounye a ak pi devan, amelyore fyabilite nan kantite tan li pran pou deplase, epi amelyore sekirite, repons pou ijans, ak tan pou evakye. Lè nou abòde bezwen sa yo li t ap amelyore viyabilite ekonomik ak kalite lavi nan Sid Florid.

Kat Lokalizasyon Pwojè a



Kisa Etid PD&E a ye?

Yon Etid PD&E se yon pwosesis anviwònman ak jeni ki fèt pa FDOT pou detèmine enpak sosyal, ekonomik, fizik, ak anviwònman ki asosye ak yon pwojè amelyorasyon transpò pwopoze. Yon eleman enpòtan nan pwosesis la se patisipasyon piblik la ak ajans la. Pwosesis la suiv lwa ak règ Federal ak Eta. Li bezwen jefò enjenyè pwofesyonèl, planifikatè ak syantifik mete ansanm pou sanble ak analize enfòmasyon ki konsène pwojè a pou devlope pi bon solisyon posib pou yon bezwen transpò kominote a pandan yo minimize enpak.

Sa yo se eleman kritik nan pwosesis PD&E a:

- Kondisyon ki deja egziste
- Bezwen trafik alavni
- Devlopman altènatif
- Evalyasyon anviwònman ak jeni
- Patisipasyon piblik la ak ajans la
- Dokimantasyon
- Rekòmandasyon pou etid la

Patisipasyon Piblik

Enterprise Turnpike Florid la ankouraje piblik la pou li patisipe fè kòmantè, poze kesyon, ak fè sijesyon bay ekip etid la. N ap gen enfòmasyon disponib nan bilten enfòmasyon, website pwojè a, kesyon piblik la, rankont piblik, ak yon odyans piblik. Premye Reyinyon an, yon Reyinyon Lansman Piblik, ap fèt 21 Novanm 2019.

Reyinyon Lansman Piblik la
Jedi 21 Novanm 2019 - 5:30 p.m. jiska 7:30 p.m.
 Junior Achievement of South Florida
 1130 Coconut Creek Boulevard, Coconut Creek, FL 33066

Nou envite tout moun vin patisipe nan rankont sa yo san nou pa gade sou ras, koulè po moun, peyi moun nan soti a, laj li, si l se gason si l se fi, relijyon moun, andikap yon moun genyen oubyen sityasyon famiyal li.

Reyinyon Piblik sou Entènèt

Èske ou p ap ka vin nan reyinyon an an pèsòn? Ale sou website pwojè a www.Turnpike595toWiles.com kòmanse 21 Novanm 2019 pou wè yon vèsyon reyinyon an sou entènèt ak pou bay kòmantè ou. W ap ka jwenn aksè nan vèsyon sou entènèt la nenpòt kote, nenpòt lè, epi li pral bay menm enfòmasyon ak reyinyon an pèsòn nan.

Florida's Turnpike nan Coconut Creek Parkway Vè Nò



Kontak pou Etid la

Si ou gen nenpòt kesyon sou pwojè a oswa reyinyon ki pwograme a, tanpri kontakte:

Jazlyn Heywood, P.E.
Manadjè Pwojè a pou
Florida's Turnpike Enterprise (Atkins)
P.O. Box 613069
Ocoee, Florida 34761-3069



(407) 264-3298



Jazlyn.Heywood@dot.state.fl.us

Rax Jung, P.E., Ph.D.
Enjenyè Devlopman Pwojè a
Florida's Turnpike Enterprise
P.O. Box 613069
Ocoee, Florida 34761-3069



(407) 264-3870



Rax.Jung@dot.state.fl.us

Kalandriye Etid PD&E a



Kalandriye preliminè, gendwa chanje apre

Bwi

Pral gen yon etid sou bwi nan Etid PD&E a. N ap fè Rapò Etid sou Bwi a avan odyans piblik la epi li pral detèmine si miray kont bwi yo sanle yo rezonab ak feزاب pou pwojè ki pwopoze a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou bwi trafik, tanpri vizite website pwojè a epi klike sou « dokiman » sou bò goch gade videyo ki rele "Turnpike Traffic Noise Video" a.